# ЦІияб 2017 сонгун!

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.





№ 1 (6520) 2 январь 2017 с. Итни РабигІул ахир 1438 с. Багьа 5 гъур.


ТІОЛА, ТІОЛА ТІАМАЧ КАЛЕНДАРАЛЪУЛ

# ТалихІаб ва баракатаб батаги

**ХІурматиял районцоял! Нилъеца нухда регІана 2016 сон. ДандчІвалел захІмалъабазухъ балагьичІого, районалда цебетІей ккана бакІал раялдаги, росдал магІишаталдаги, гІадамазул рукІа-рахъин лъикІлъизабиялдаги, халкъияб магІишаталъул цогидал бутІабаздаги.**

МустахІикъаб дандчІвай гьабулеб буго киназго ЦІияб соналда. Гьелде тІоцебесеб гали тІамулеб буго кІудияб хьулгун, мурадгун, къасдгун, щивас абулеб буго талихІаб ва баракатаб батагийилан. ЦІияб сональги цере чІун руго жеги жаваб цІикІкІарал, кІвар бугел масъалаби. ГІемерал хІалтІаби руго гьаризе нухал къачІаялдаги, бакІал раялдаги, росабалъе газалъул мухъал рачиналдаги ва цогидалги рахъазда. РакІчІола гьел ва цогидал масъалаби гІумруялде рахъинариялъулъ районалда бергьенлъаби росизе рукІиналда.

ХІурматиял районцоял! РакІ-ракІалъ баркула тІаде щвараб 2017 сон. Биччанте щивасул рокъобе босун бачІине талихІ, рохел, рихьугеги ргъ-кьал, къварилъаби. Риччанте тІуразе рекІелъ ругел лъикІал къасдал, лъикІлъаги гІумру-яшав, гьарзалъаги нигІматал.

2017 сон биччанте букІине ургъелал-балагьал рикІкІалъараблъун, тІолалго гІадамал цоцазда ричІчІараблъун, район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетІеялъе, районалда церечІарал масъалаби тІураялъе гІоло гьабулеб хІалтІулъ бергьенлъаби росараблъун, гьеб мурадалъе гІоло къеркьолаго, киналго районцоял гъункулеблъун ва цолъулеблъун. Щивасул ракІалда ругел лъикІал мурадал тІурайги, гьабулеб данде билълъаги, лъикІаб ккезе, вацлъи, гьудуллъи цІунизе щивасе тавпикъги кьеги.

ЦІияб сонгун, цІияб талихІрохелгун, хирияв районцоял!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул ишал тІуралев ГІабдулахІажи ГІабдулкъадиров**

ХАЛКЪАЛЪУЛ ВАКИЛЗАБИ

# Аслиял проектал тІуразариялъул рахъалъ – цебесеб кьерда

## Гумбет районалъул Собраниялъул сессия

**Гумбет районалъул администрациялъул данделъабазул залалда 29 декабралда тІобитІана районалъул Собраниялъул сессия. Райсобраниялъул депутатал гурелги, сессиялда гІахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул ишал тІуралев ГІабдулахІажи ГІабдулкъадиров, росабазул поселениязул администрациязул бутІрул, учреждениязул, гІуцІабазул нухмалъулел ва цогидалги.**

Данделъи рагьилелде киналго районцоязда, залалда гІодор чІаразда тІаде щолеб бугеб ЦІияб 2017 сон баркана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул ишал тІуралев ГІабдулахІажи ГІабдулкъадировас.



Гумбет районалъул Собраниялъул сессия рагьана ва гьоркьор лъезе хІисабалде росарал суалал баян гьаруна Гумбет районалъул Собраниялъул нухмалъулев **Барти Астимировас.**

Дагъистан Республика цебетІеялъул приоритетниял проектал гІумруялде рахъинариялъул рахъалъ районалда гьабураб ва хадубккун гьабизе бугеб хІалтІул бицана Гумбет районалъул администрациялъул экономикаялъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев **ХІусен Мутаевас.** Гьес абуна приоритетнияб проекталъул анкьго пункт гІумруялде бахъинабиялъул рахъалъ Гумбет район мугІрузул территориалияб округалда тІоцебесеб, Дагъистан Республикаялда анкьабилеб бакІалда бугилан.

Сессиялда приоритетнияб проект тІубаялъе гьабураб хІалтІул бицана районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель **АхІмад Сулаймановас,** районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гІолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев **МухІамад ГІумардибировас,** гьесул заместитель **НурмухІамад МухІамадовас,** лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухІамадовас.**

Гьеб суалалда хурхун гІатІидаб хІукмуги къабул гьабуна.

Сессиялда аслиял суалаллъун гьединго рукІана 2016 соналъул районалъул бюджеталда хиса-басиял гьари, 2017 ва плановиял 2018 – 2019 соназул «Гумбет район» муниципалияб районалъул бюджет гьоркьоб лъей ва къабул гьаби.

Гьел суалазда тІасан доклад гьаруна районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель, финансазул управлениялъул нухмалъулев **РурухІма Халидовас.** Киналго разилъун къабул гьаруна 2016 соналъул бюджеталда хиса-басиял, 2017 ва плановиял 2018 – 2019 соназе «Гумбет район» муниципалияб районалъул бюджет.

Депутатазул халгьабиялде сессиялде росун рукІана 2017 соналъе районалъул Собраниялъул, хъаравуллъиялъулгун хІисабалъул палатаялъул хІалтІул планал.

Гьелги лъикІаллъун рикІкІана ва къабул гьаруна.

Ахиралда хІасилазулаб кІалъай гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул ишал тІуралев ГІабдулахІажи ГІабдулкъадировас.

**КъурмагъизХІадисова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Архив – чиясул къисматги тарихги**

-2 гьум.



**АхІмад-хІажи Кахаев – Гумбет районалда**

-2 гьум.



**Борхалъиялда бараб кІалгІа**

-3 гьум.



**МелъелтІаса ХІабиб ГІабасовасул чІел**

-3 гьум.

МОЦІИЛ СУАЛ

# Архив – чиясул къисматги тарихги

### Гумбет районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи

**29 декабралда тІобитІана Гумбет районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи. Гьенир гІахьаллъана росабазул поселениязул администрациязул бутІрул, учреждениязул ва гІуцІабазул нухмалъулел, депутатал ва цогидалги.**

суалалда тІасан докладгун кІалъазе рагІи къуна районалъул архивалъул отделалъул нухмалъулей **Раисат Исламхановалъе.**

Данделъиялда гьоркьоб лъураб суалалда тІасан кІалъана Килалъ АСПялъул бетІер **АхІмад Каримов,**



Данделъи рагьана ва бачана Гумбет районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель **Малик Маликовас.**

Гьоркьоб лъун букІана «Гумбет район» муниципалияб районалъул архивалъул хІалтІул бугеб хІал ва гьеб лъикІлъизабиялъе тадбиразул хІакъалъулъ» суал. Гьеб

ЦІиликь АСПялъул бетІер **ГІалихан ДавудхІажиев,** районалъул администрациялъул ишазул управлениялъул нухмалъулев **ИсмагІил Салатгереев.**

Гьоркьоб лъураб суалалда дандрекъон кколеб хІукмуги къабул гьабуна.

**Къурмагъиз ХІадисова**

АСЛИЯБ ГЪАЗАВАТ – НАПСАЛДА ДАНДЕ РАГЪ

# АхІмад-хІажи Кахаев – Гумбет районалда

### «ЛъикІал тІабигІатазул ах» тІехьалда тІасан конкурсалъул хІасилал гьаруна

**24 декабралда Дагъистан Республикаялъул муфтиясул заместитель АхІмад-хІажи Кахаев вачІана Гумбет**

АхІмад-хІажи Кахаевасул кІалъай буссараб букІана инсанасул лъикІал тІабигІатазул бициналде. Гьес абуна конкур-




**районалъул МелъелтІа росулъе. Гьес гІахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул муфти, шайих АхІмад-хІажи ГІабдулаевасул «ЛъикІал тІабигІатазул ах» абураб тІехьалда тІасан районалъул масштабалда тІобитІараб конкурсалда бергьаразе шапакъатал кьеялъул мажлисалда.**

Мажлис рагьана ва бачана мугІрузулаб территориалияб округалда Дагъистан Республикаялъул муфтияталъул вакил **ХІасан МухІамадовас.**

салъул аслияб мурад «ЛъикІал тІабигІатазул ах» абураб тІехьалдасан щвараб лъаялдаса пайда босиялде буссинабизе хІаракат бахъи бугилан.

Гьеб тадбиралда гІахьаллъана Гумбет районалъул имам **Юнус-хІажи Тимирсултанов** ва росабазул имамзаби.

Конкурсалда бергьарасе къуна Лада-Приора машина, призалъулал бакІал щваразе гІарцулал сайгъатал.

**«Гумбет» РИО**

БАРКИЯЛ

# Щивасул мурадал тІурайги

**ХІурматиял мухбирзаби, газета цІалулел!**

**Гьале нилъеца къо-лъикІ гьабуна 2016 соналъулгин. ТІаде щвана 2017-абилеб. Дунялалъулго халкъаз ЦІияб соналда дандчІвай гьабула кІудияб анищалгун, хьулалгун. Киназулго буго цо гІаммаб мурад - рекъел, талихІ-рохел, сахлъи, гІумру лъикІлъи.**

Араб соналъ, «Гумбет» газеталъул хІалтІухъабазда цадахъго, росабазул мухбирзабазги жидерго бажариги гьунарги буссинабун букІана, заманалъул тІалабазда ва гІумруялда рекъон, райгазеталъул хІалтІи гІуцІиялде, цІализе бокьулеблъун гьеб лъугьинабиялде. Нижер ракІчІола хадурккунги ну-жеца, мухбирзабаз, газеталъулгун щулияб бухьен ккеялъул рахьалъ, жигаралда хІалтІи гІуцІизе букІиналда.

ЦІияб соналъул байрамги ракІ-ракІалъ баркулаго, бокьун буго баркала загьир гьабизе, лъикІал гІадамал машгьур гьаризе, районалъул гІумру бихьизе хІаракат бахъаралъухъ, росабазул мухбирзабазе, «Гумбет» газета цІалулезе. Гьарула щивасе щулияб сахлъи, хьизан-рукъалъулаб талихІ. Батаги ЦІияб сон баракат-рахІмат босун бачІараблъун, рохел гьарзаяблъун, ургъел дагьаблъун, рекІел анищал тІуралеблъун.

РакІчІараб буго нужеца газеталъулгун щулияб бухьен хадубккунги щулаго кквезе букІиналда. ЦІияб соналдаги газета жеги магІнаяблъун ва берцинаблъун гьабизе кІвезе буго, нужер кумекалдалъун. Хьвай нижехъе, ниж нужер кагътазухъ ралагьун руго. Цойги нухалъ баркула ЦІияб сон, тІурайги щивасул мурадал.

**«Гумбет» газеталъул редакция**

# Баркула ЦІияб сон

**Игьали гьоркьохъеб школалъул тІолабго коллективалда, хасго школалъул директор СагІид МухІамадовасда, классазул нухмалъулел ПатІимат Алхасовалда, ГІайшат СагІидовалда, Аминат ИсхІакъовалда, Муртаза Эфендиевасда, ГІиса Шарапудиновасда ва АхІмад Сурхаевасда баркула ЦІияб 2017 сон.**

**Гьарула гьезие щулияб сахлъи, халатаб гІумру, хІалтІулъ чІахІиял бергьенлъаби.**

**ГІумарасхІаб ва Хадижат, Игьали росу**

АНТИТЕРРОР

# Терроризмалда данде - брейн-ринг

### Бергьана Игьали, ЦІаналъ, ЦІилик школазул командаби

**26 декабралда Россиялъул халкъазул гІадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул данделъабазул залалда тІобитІана «Дагъистаниял терроризмалда данде – ВатІан хирияб буго» абураб ахІиялда гьоркь Гумбет районалъул школазул цІалдохъабазда гьоркьоб брейн-ринг хІай. Гьелда гІахьаллъана районалъул анкьго школалдаса цІалдохъабазул команда.**




Тадбир рагьана лъайкьеялъул отделалъул информационниябгун методическияб централъул методист **ГІабдула МухІамадовас.** Гьеб бачана ЦІаналъ аслияб школалъул нухмалъулев **СагІидбег МутагІиловас.** ГІуцІун букІана лъабго чиясдасан жюриги.

ХІалуцарал къецазул хІасилалда, тІоцебесеб бакІ Игьали гьоркьохъеб школалъул, кІиабилеб бакІ ЦІаналъ аслияб школалъул, лъабабилеб бакІ ЦІилик гьоркьохъеб школалъул командабаз ккуна.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул бетІерав специалист **Сурхай Сурхаевас,** районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан, тІоцебесеб бакІ ккураб командаялъе диплом, 3500 гъурущ, кІиабилеб бакІ ккураб командаялъе 2500 гъурущ, диплом, лъабабилеб бакІ ккуралъе 1500 гъурущ ва диплом къуна.

Брейн-рингалда гІахьаллъарал киназего къуна дипломал.

**ГІайшат Исламбиева**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Гъоркь Инхо: ГІанди гІурул рагІалда - хІухьбахъиялъул бокІон

**Гумбет районалъул Гъоркь Инхо росулъ, росдал администрациялъул хІаракаталдалъун, балеб буго ГІанди гІурул рагІалда хІухьбахъиялъул парк.**

Гьелъие бищараб бакІ буго цІакъ санагІатаб, гьава-бакъ рекъараб, риидал гьогьомараб, хасало гІазу чІолареб. Гьениб аскІобго буго спорталъул кІалгІа ва футболалъул байдан, цІа свинабулел машинабазул гараж, нахъехун руго мажгит ва тукаби. Гьединал киналго шартІал рекъараб бакІалда гьабулеб буго гьеб хІухьбахъиялъул парк.



Парк гьабизе байдан битІизабун, бетоналъулал хІалтІаби гьарун руго. Росдал администрациялъул бетІер **МухІамад Ибрагьимовас** абуна гьенир гьутІби чІезе ругин, гІадамаз хІухьбахъизе санагІатал шартІал чІезаризе ругин.

**Исрапил Заирбегов**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ...

# МелъелтIаса ХIабиб ГIабасовасул чIел

### ТIолгороссиялъул къецазда – лъабабилеб бакI



**Краснодар краялъул губернаторасул кубокалъе гIоло, Краснодаралда тIоритIарал ТIолгороссиялъул эркенаб гугариялъул рахъалъ къецазда гIахьаллъарав МелъелтIа росулъа ХIабиб ГIабасовас (61 кг. цIайиялда) лъабабилеб бакI ккуна.**

ХIабибие щвана кубок, грамота, медаль ва 15000 гъурущ. Гьев ругьун гьавулев вуго Хасавюрт шагьаралда ГIумахановасул школалда.

Баркула ХIабибида бергьенлъи.

**Майсарат ГIабдулаева**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# Лъималазе тарбия-лъай - кинидаса байбихьун

### ХIалтIи – ФГОСалъул тIалабалда рекъон

**Гумбет районалъул Гьоркь Инхо ясли-ахалда тIобитIана районалъул ясли-ахазул нухмалъулел, цо-цо тарбиячагIи, ва школазда рагьарал школазда цебесеб лъайкьеялъул группабазул тарбиячагIиги гIахьаллъарав дандельи.**

клад гьабуна Гьоркь Инхо ясли-ахалъул нухмалъулей Наида МухIамадовалъ. Докладалда тIасан кIалъазе яхъарай ЦIилик «Лачен» ясли-ахалъе нухмалъулей Эльмира Зайнудиновалъ бицана лъималазул ахалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, обще-



Данделъиялъул аслияб мурад букIана ФГОСалъул тIалабазда рекъон ясли-ахазда ругел гьитIичазе рухIияб тарбия кьеялда тIадчIей гьаби ва тарбиячагIазул планал гIуцIи цогояб кагъаталде бачин.

Данделъи рагьана Гьоркь Инхо ясли-ахалъул нухмалъулей **Наида МухIамадовалъ.** ГьитIичаз бихьизабуна театрализияб хIай ва къурди, рикIкIана кучIдул. Хадуб байбихьана занятиялде. ХIисаб гIелмуялъул занятие тIобитIана гьоркьохъеб группаялъ (тарбиячIужу **ГIазра Нажмудинова).**

Занятие лъугьана гьенир гIахьаллъаразе методикияб рахъалъ пайдаяблъун, цоцахъе хIалбихьи кьолеблъун. Занятиязда тIасан, гьел хадубккунги жидецаго гьабулеб хIалтIуе пайдаяб ахIвал-хIалалда иналъул кIалъаял гьаруна ЦIилик «Лачен» ясли-ахалъе нухмалъулей **Эльмира Зайнудиновалъ,** Игьали «Ромашка» яли-ахалъул нухмалъулей **ХIусмулхатимат ГIисаевалъ,** МелъелтIа «Бакъ» лъималазул ахалъе нухмалъулей **Салимат ХIамидовалъ** ва цогидазги.

Данделъиялда гьоркьоб лъураб суалалда тIасан до-

ствоялда инсанасул рухIияб рахъ, хьвада-чIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, лъималазул ахалда лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартал кьочIоеги росун занятиязде планал хъвазе ккеялъул.

Данделъиялда кIалъазе яхъана Игьали «Ромашка» ясли-ахалъул нухмалъулей ХIусмулхатимат ГIисаева ва цогидалги.

ХIасилазулаб кIалъай гьабуна Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул методист **ПатIимат ГъалбацIовалъ.** Гьелъ тIадчIей гьабуна ФГОСалда цIияб рахъарал программабазда рекъон хIалтIи гIуцIизе ккеялда. Цо группаялъе хъвалеб занятиялъул план гьеб ккола документ, жинда рекъон кIиго тарбиячIужу хIалтIулей. Цадахъ рекъон кIияйго тарбиячIужуялъ хъварав планалъ кумек гьабула лъимадехун бугеб бербалагьи ва тIалабал цоро рукIиналъе.

**ПатIимат ГъалбацIова,
Гумбет районалъул
лъайкьеялъул
отделалъул методист**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

**Дуняларгадго машгьурав речIчIухъан, щуцIолго Европаялъул ва дунялалъул чемпион КъурамухIамад КъурамухIамадовасул цIаралда Каспийск шагьаралда тIобитIана халкъазда гьоркьосеб эркенаб гугариялъул рахъалъ турнир. Гьелда гIахьаллъана Россиялдаса гурелги ТIолгодунялалдасаго къуватал речIчIухъаби.**

Турниралда гIахьаллъарал Гумбет районалъул Аргъвани росулъа **ХIажимурад ХIажиевас** (63 кг цIайиялда), МелъелтIаса **ГIамирхан Даитбеговас** (46 кг цIайиялда) бергьенлъи босана. Гьезие щвана меседил медалал, кубокал ва лъебер аза-азар гъурущ.





Гумбет районалъул нухмалъулезул рахъалдасан баркула гьезда бергьенлъи. Жеги чIахIиял бергьенлъаби нужее.

**МухIамад Зубайиров**

ЧАРАНЛЪУН КЪВАКIУЛА, КЪО ККАРАБ МЕХАЛЪ

# ТIоцебесеб бакI - ЧIиркъатIа школалъе

### ТоргIо хIаялъул къецал

**25 декабралда Гумбет районалъул Игьали гьоркьохъеб школалъул спортзалалда тIобитIана районалда тIоцебесеб бакIалъе гIоло гIаммаб лъайкьеялъул гIуцIабазул ясазул командабазда гьоркьоб торгIо хIаялъул къец.**

Гьелда гIахьаллъана, районалъул гIаммаб лъайкьеялъул гIуцIабадаса 50 гIанасев чи гьорлъе бачараб, щуго команда. Къецазул хIасилал гьарун тIоцебесеб бакI ЧIиркъатIа школалъул командаялъ, кIиабилеб бакI Гьоркь Инхо школалъул командаялъ ккуна. Лъабабилеб бакIалде бачIана Игьали гьоркьохъеб школалъул команда.



Аслияб гIаммаб лъайкьеялъул школазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна ЦIаналъ аслияб школалъ.

Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан бергьаразе ва призеразе кьуна грамотаби, медалал. ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул командаялъе щвана кубокги.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Борхалъиялда бараб кIалгIа

### Инхоса ГIали-хIажиясул минаялъул макет рагьана

**2016 соналъул 29 декабралда Гумбет районалъул гIадатияб маданияталъул централда тIобитIана аваразул адабияталъе къучI лъуразул цояв, классик, гIалим, шагIир Инхоса ГIали-хIажиясул минаялъул макет рагьиялъул тадбир.**

Гьеб рохалилаб ишалъулъ гIахьаллъана Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров,** гьесул заместителал **Малик Маликов, АхIмад Сулайманов, РурухIма Халидов,** районалъул Собраниялъул депутатал, росабазул бегавулзаби, идарабазул бутIрул ва цогидалги.

Тадбир бачана Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулаймановас, гьес бицана «Культурная мозаика малых городов и сел» абураб тIолгороссиялъул къецалда «Бакълъулаз ГIали-хIажиясул асарал цIалулел руго» абураб проект бергьиналъул ва гьелъул хIасилалда районалъе 400-азарго гъурущ бачIиналъул. Гьеб гранталъул сурсат хIалтIизабулеб буго Инхоса ГIали-хIажиясул асаразул тIехь бахьиялъе, гьел гIурус мацIалде руссинариялъе, конкурсал гьариялъе ва цогидалги шагIирасул цIаралда хурхарал тадбирал тIоритIиялъе.



Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас бицана рагьулеб бугеб Инхоса ГIали-хIажиясул минаялъул макеталъур лъун ругел алатазулги гьесул асаразул свин гьечIеб кIваралъулги магIнаялъулги.

ГIали-хIажияс Кавказалъул имамзабазде гьабураб назму махщалида рикIкIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан **Макка Аххубеговалъ.**

ШагIирасул рукъалъул макет рагьиялъул чIоло кьотIана Гумбет районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас, «Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор, Россиялъул ХъвадарухъабазуI союзалъул член **ХIамзат ГIизудиновас** ва Гумбет районалъул ЖамгIияб палатаялъул бетIер **АхIмаднаби ГIалимирзаевас.**

«ГIелму-хIикматалъул хIалбихьаразе ХIалхьараб рукъ буго, дица гьабураб, Дирго ракI бахилаб борхалъиялда Бараб кIалгIа буго, кIварас къачIазе», - абун хъвана Инхоса ГIали-хIажияс. Гъваридаб магIнаялъул рагIаби руго гьел. Инхоса ГIали-хIажи цIализе, вичIчIизе, гьесул дарсал росизе тавпикь кьеги нилъее.

**Информациялъул
«Гумбет» гIуцIи**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Проверка нормативно-правовых актов в сфере поддержки малого и среднего предпринимательства

**Прокуратурой района проведена проверка соответствия нормативных правовых актов, принятых администрациями сельских поселений «сельсовет "Аргванинский"», «сельсовет "Игалинский"», «сельсовет "Мехельтинский"» и «Село Тлярата» в сфере защиты прав предпринимателей, требованиям федерального законодательства.**

Проведенной проверкой установлено, что постановлениями глав администраций указанных сельских поселений, утверждены муниципальные целевые программы развития и поддержки малого и среднего предпринимательства.

Изучением муниципальных программ развития малого и среднего предпринимательства установлено, что данные программы с учетом национальных и местных социально-экономических, экологических, культурных и других особенностей, не сформированы, как того требует Федеральный закон от 24.07.2007 № 209-ФЗ «О развитии малого и среднего предпринимательства в Российской Федерации» (ред. от 03.07.2016).

По результатам проверки прокуратурой района в адрес глав администраций сельских поселений «сельсовет "Аргванинский"», «сельсовет "Игалинский"», «сельсовет "Мехельтинский"» и «Село Тлярата» принесены протесты об отмене противоречащих закону нормативных правовых актов.

Протесты прокурора района рассмотрены и удовлетворены в полном объеме, противоречащие действующему законодательству муниципальные целевые программы развития и поддержки малого и среднего предпринимательства отменены.

**Шамил Магомедов,**
**и.о. прокурора Гумбетовского района, юрист 1 класса**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН...

## Возбуждено уголовное дело за сбыт марихуаны

### Криминальная хроника

**Сотрудниками полиции ОМВД России по Гумбетовскому району в ходе проведения оперативно-розыскных мероприятий (далее ОРМ) «проверочная закупка» при сбыте «условному покупателю» наркотического вещества - «марихуаны», содержащегося в трех спичечных коробках, задержан уроженец и житель сел. Игали Гумбетовского района Магомедов Пайзудин Курбанович, 1966 года рождения. По данному факту 23.10.2016 года в ОМВД России по Гумбетовскому району в отношении Магомедова П.К. возбуждено уголовное дело по признакам преступления, предусмотренного п. «б» ч.3 ст.228.1 УК РФ - незаконный сбыт наркотических средств в значительном размере.**

В ходе расследования данного уголовного дела установлено, что указанное наркотическое вещество Магомедову П.К. сбыл уроженец и житель сел. Чирката Гумбетовского района Магомедов Султан Нурмагомедович, 1974 года рождения. При опросе последний признал то, что он действительно передал Магомедову П.К. три спичечных коробка с наркотическим веществом - «марихуана» без цели обогащения, то есть денежные средства от последнего он не получал.

Согласно комментарию данной статьи сбытом называют любые способы возмездной или безвозмездной передачи другим лицам наркотических средств (например, продажа, обмен, дарение, дача взаймы и др.)

03.11.2016 года в отношении Магомедова С.Н. возбуждено уголовное дело по признакам преступления, предусмотренного п. «б» ч. 3 ст.228.1 УК РФ - незаконный сбыт наркотических средств в значительном размере.

Магомедову П.К. и Магомедову С.Н. предъявлено обвинение в совершении преступления, предусмотренного п. «б» ч. 3 ст.228.1 УК РФ и избрана мера пресечения в виде заключения под стражу.

В настоящее время расследование уголовных дел идет к завершению, после чего с утверждением обвинительных заключений дела будут направлены в суд для рассмотрения по существу.

**М. Омаров,**
**и.о. следователя ОМВД России по Гумбетовскому району РД , старший лейтенант юстиции**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

**Игьалиса МухIамадгIалица хьихьун буго бетIергьаби лъалареб кIиго лъабилаб гIачIар.**

Гьезда руго цого гIужалги : квегIаб гIин нахъехун хъвалсан къотIараб, кваранаб гIин кIицIул ссураб. МухIамадгIалихъе ахIизе рес буго гьаб номералде: 8960 -409 -96 -22.

**Игьалиса Шамилица хъвалеб буго жинца хьихьараб ункъилаб гIадаб, чIегIераб, кваранаб гIин нахъе балагьизабун, квегIалда цебеса мочIо бахъун, нахъаса суй гIуж буге гIачIрал бетIергьанчи бачине вачIаян.**

Гьес гьарулеб буго гьаб номералде ахIеян: 89618365285.

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

# Портал Госуслуг

**- Что такое порталы государственных услуг?**

- Это сайты в интернете, где зарегистрированный гражданин может в электронном виде подать документы на получение государственной услуги. Существует единый федеральный портал (gosuslugi.ru) и региональные порталы (по РД - gu.e-dag.ru, вкладка «Электронные услуги»). При этом регистрироваться нужно только один раз - оба портала «знают» ваши данные благодаря Единой системе идентификации и аутентификации (ЕСИА).

Раньше процесс регистрации был сложный - нужно было заказывать специальный код активации. Сегодня для регистрации нужно сделать три шага.

Во-первых, ввести ФИО, номер мобильного телефона (или электронную почту) и придумать пароль. Так у вас появится простая учетная запись и доступ в личный кабинет. Во-вторых, ввести в личном кабинете паспортные данные и номер СНИЛС. Эта информация проверяется автоматически по базам данных государственных органов.

Если данные корректны (обычно процесс проверки занимает несколько минут, в крайне редких случаях - до пяти дней), то в вашем распоряжении - полная информация о порядке оказания услуг и возможность воспользоваться их большой частью в электронном виде. И наконец, чтобы вы могли подавать заявление на оказание услуги в электронном виде, необходимо подтвердить свою личность.

Для этого, после того, как данные паспорта и СНИЛС были проверены (на телефон или электронную почту придет оповещение) нужно прийти с паспортом в один из центров подтверждения, где сотрудник в вашем присутствии подтвердит учетную запись.

**- Почему подавать документы через портал удобнее, чем обычно?**

- Прежде всего, это можно сделать в любое удобное время, в спокойной обстановке из дома. Упустить что-то важное при заполнении анкеты невозможно: электронная форма включает в себя полный список документов, необходимых для получения услуги.

Кроме того, сейчас большое количество разнообразных справок вообще не нужно собирать и подавать вместе с документом: чиновники запрашивают их друг у друга самостоятельно в электронном виде. Кстати, если в процессе заполнения вдруг появятся неотложные дела, портал можно смело закрыть - введенная ранее информация сохранится в черновиках, и в следующий раз вы продолжите работу с того места, где закончили.

После того, как документы отправлены, корректность их заполнения проверяют удаленно. Если к обращению есть какие-то замечания, в личный кабинет на портале приходит оповещение, что заявка отклонена (оно будет дублировано по SMS и электронной почте). То есть не нужно несколько раз ходить на прием, если какая-то «бумажка» неправильно заполнена, информацию можно исправить из дома.

Только после того, как весь комплект одобрен, вам назначается прием на конкретную дату или конкретное время, чтобы вы могли отнести бумажные оригиналы. То есть отпадает необходимость тратить время в очередях на подачу. Самым продвинутым пользователям, у которых есть так называемая электронная цифровая подпись (ЭЦП), вообще не нужно приходить на прием, сканированные копии с ЭЦП не требуют бумажных оригиналов.

**М. Магомедов,**
**заместитель начальника межрайонной инспекции ФНС по РД № 12, советник государственной гражданской службы РФ 3 класса**

## Постановление

**27.12.2016 г.** **№31**

**О выставлении права аренды земельного участка на аукцион**

**В соответствии со статьей 38 Земельного кодекса Российской Федерации от 25.10.2001г. № 136-ФЭ:**

**1. Выставить на аукцион право аренды земельного участка:**

1.1. из земель сельскохозяйственного назначения с кадастровым номером 05:25:000035:741, расположенного по адресу: РД, Гумбетовский район, село Игали, в местности «Цобода» площадью 5800 кв.м., (рыночная стоимость права аренды - 1100(одна тысяча сто рублей) с видом разрешенного использования - для сельскохозяйственного назначения (далее-Участок)

**2. Установить, что при проведении аукциона:**

2.1. форма подачи предложений о цене - открытая;

2.2. величина повышения начальной цены (шаг аукциона) - 5% от начальной цены права аренды Участков;

2.3. задаток для участия в аукционе устанавливается в размере 20 процентов начальной цены права аренды Участков и вносится полностью путем перечисления 100% на счет администрации сельского поселения «сельсовет "Игалинский"» Гумбетовского района, РД

2.4. прием заявок осуществляется в течение одного месяца с момента публикации в газете «Гумбет» объявления о проведении аукциона;

2.5. подведение итогов аукциона состоится в кабинете заместителя главы администрации.

**3. Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы.**

**Сулайман Сулайманов,**
**и. о. главы администрации «Сельсовет "Игалинский"»**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1330
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторас. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.